

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil sarta pedaran panalungtikan dina Bab IV, ieu panalungtikan dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa MTs Al-Inayah Kota Bandung taun ajaran 2020/2021 nu ngagunakeun média *Animasi 2D* kagolong kata katégori “hadé”, rata-ratana nyaéta 90.0. Aspék-aspek anu aya dina carita pondok, nyaéta ngawengku aspék struktur, aspék unsur jeung aspék basa. Aspék struktur kaasup kana katégori “hadé”, rata-ratana nya 3.3, aspék unsur kasup kana katégori “hadé”, rata-ratana nyaéta 3.9, sedengkeun dina aspék basa kaasup kana katégori “hadé” rata-ratana nyaéta 3.6. Rata-rata anu pangleutikna aya dina aspék struktur, sedengkeun rata-rata anu panggedéna nyaéta aya dina aspék unsur. Siswa nu kaasup kana katégori “hadé” jumlahna aya 28 siswa sarua jeung (93%), anu kaasup kana katégori “sedeng” jumlahna aya 2 siswa sarua jeung (7%), sedengkeun teu aya nu nyicingan katégori “kurang” jeung “kurang pisan”.
- b. Kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa MTs Al-Inayah Kota Bandung taun ajaran 2020/2021 nu teu ngagunakeun média *Animasi 2D* kagolong kata katégori “sedeng”, rata-ratana nyaéta 82.8. Aspék-aspek anu aya dina carita pondok nyaéta ngawengku aspék struktur, aspék unsur jeung aspék basa. Aspék unsur kaasup kana katégori “hadé”, rata-ratana nya 3.1, aspék unsur kasup kana katégori “hadé”, rata-ratana nyaéta 3.6, sedengkeun dina aspék basa kaasup kana katégori “hadé” rata-ratana nyaéta 3.3. Rata-rata anu pangleutikna aya dina aspék struktur, sedengkeun rata-rata anu panggedéna nyaéta aya dina aspék unsur. Siswa nu kaasup kana katégori “hadé” jumlahna aya 19 siswa sarua jeung (63%), anu kaasup kana katégori “sedeng” jumlahna aya 11 siswa sarua jeung (37%), sedengkeun teu aya nu nyicingan katégori “kurang” jeung “kurang pisan”.
- c. Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa nu ngagunakeun média *Animasi 2D* jeung nu teu ngagunakeun média

Animasi 2D, ieu hal katitén hasil uji hipotésis ngagunakeun uji statistik non parametrik nyaéta nilai signifikansina $0.016 < 0.05$ sarta. Bisa dicindekkeun yén H_0 ditolak jeung H_a ditarima. Jadi aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahamn carita pondok siswa MTs Al-Inayah Kota Bandung nu ngagunakeun média *Animasi 2D* jeung nu teu ngagunakeun média *Animasi 2D*.

1.2 Implikasi

Saréngséna ngalaksanakeun panalungtikan, dumasar kana hasil panalungtikan média *Animasi 2D* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa sarta bisa ngirut siswa nalika diajar. Sangkan prosés diajar jadi leuwih babari, ieu média mantuan siswa pikeun maham eusi carpon. Dumasar éta hal dibuktikeun ku rata-rata peunteun siswa anu ngagunakeun média *Animasi 2D* leuwih gedé dibanding siswa nu teu ngagunakeun média *Animasi 2D*. Dina Média *Animasi 2D*, siswa dipaparin gambar-gambar anu ngadukung kana eusi carita, kitu deui teks carpon anu aya dina média *Animasi 2D* jadi salah sahiji cara pikeun siswa maham kana naon anu dibaca dina éta téks sarta maham ma'na anu ditepikeun dina éta téks. Éta hal anu ngalantarankeun siswa nu ngagunakeun média *Animasi 2D* rata-rata peunteunna leuwih gedé.

1.3 Rekomendasi

Dumasar kana kacindekan hasil panalungtikan di luhur (5.1), dina ieu panalungtikan ditepikeun sababaraha rékomendasi, nya eta ieu di handap.

- 1) Média *Animasi 2D* bisa dijadikeun salah sahiji alternatif dina pangajaran maca pamahaman, husunya pangajaran maca carita pondok;
- 2) Ieu panalungtikan perlu dikemarkeun deui ku cara ngaronjakeun kualitas *Animasi 2D* bisa dijieun leuwih hadé sarta leuwih ngirut dina segi *design*, sora, sarta sudut pandang dina éta media;
- 3) Perlu diayakeun deui panalungtikan média *Animasi 2D* dina pangajaran séjén.
- 4) Perlu diayakeun pelatihan pikeun tenaga pendidik dina ngamangpaatkeun média pangajaran, hususna dina widang *Animasi 2D*;

Dina prosés pangajaran tatap muka sarta pikeun meunangkeun pangajaran sacara maksimal diperlukeun fasilitas anu sampurna atawa lengkep, nyaéta ayana *proyéktor jeung speake*.